# BAS MAQALA

## ПЕДИНСТИТУТ МАҚТАНЫШЫМЫЗ БОЛЫП ҚАЛА БЕРЕДИ
**(Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының 90 жыллығы алдынан)**

**А.К.Пазылов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, профессор*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

2024-жылы Қарақалпақстан Республикасының барлық халқы пүткил елимиздиң көзин кең дүньяға ашқан, бес Өзбекстан Қаҳарманы, Уллы Ўатандарлық урыс жылларындағы бир бурынғы Аўқам қаҳарманы, бурынғы Аўқам дәўириндеги еки мийнет қаҳарманы, усы ўақытқа шекем сайланған алты академик, бир нешше жүзлеген илим докторлари (DSc) ҳәм илим кандидатлары (PhD), Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикалары шеңбериндеги бирқанша мәмлекетлик искерлер, бир нешше 10 мыңлаған жоқары мағлыўматлы педагоглардың, мектеп муғаллимлериниң тәлим ҳәм тәрбия алыўына кең мүмкиншиликлер жаратып берген, Қарақалпақстандағы биринши ашылған, ҳәммемиз ушын билимниң теберик дәргайы саналған жоқары оқыў орны, Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институтының 90 жыллық торқалы тойын байрам сыпатында белгилейди. Бул байрамның тек ғана институтымыз профессор-оқытыўшылары менен студент-жасларының емес, ал, пүткил республикамыздағы көпшилик зиялылардың сағынып күткен, әрман еткен байрамына айланыўы турған гәп. Себеби, елимизге муғаллим кадрларды таярлап бериў арқалы халқымызды дүнья цивилизациясына араластырған ҳәм оған үлес қосыўға имкәният жаратып берген педагогикалық институтымыз байрамының уллы Әжинияз бабамыздың туўылғанына 200 жыл, Қарақалпақстан Республикасының ең дәслебинде Автоном област болып дүзилгенине ҳәм «Еркин Қарақалпақстан» газетасының шыға баслағанына 100 жыл толыў мерекелери менен бир қатарда белгилениўи кимди болсада қуўанышқа бөлемей қоймайды.

Тарийхқа көз жиберип қарасақ 1924-жылы Ерикли Қарақалпақ Автономиялы областының, 1932-жылы Қарақалпақстан Автономиялы Республикасының дүзилгени менен Республикамыз мектеплери ушын жергиликли жоқары мағлыўматлы кадрлар жоқтың қасында еди. 1932-1933-жыллары Қарақалпақстандағы 597 мектепте 31229 оқыўшы оқыған болса, оларға 750 педагог қәнигелер сабақ берди. Олардың ишинде тек ғана 20сы жоқары мағлыўматлы болды. Муғаллимлердиң жетиспеўшилиги себепли 2 айлық, 4-6 айлық қысқа мүддетли курсларды питкергенлер, ҳәттеки, мектепте саўатын ашқан үлкен жастағы оқыўшыларда муғаллимшилик хызметке тартылды. Усындай көзге тасланып турған муғаллим кадрларға болған жетиспеўшиликлер нәтийжесинде 1934-жылдың 1-июль күни болып өткен ҚҚАССР Халық Комиссарлар Кеңесиниң мәжлисинде «ҚҚАССРда désинститут дүзиў ҳаққында» деген мәселе, өзинен алдыңғы оғада әҳмийетли деп саналған 18 мәселеден кейин барып 19-мәселе болып күн тәртибине киргизилди.

Деген менен сол күни бул мәселе өзиниң унамлы шешимин тапты. 1934-жыл 1-июлдеги №14-санлы протокол менен жаңадан ашылатуғын désинститутқа қаржы, жай, ремонт, материаллық-техникалық база, студентлерди азық-аўқат пенен тәмийинлеў ҳәм басқада мәселелерди 15-августқа шекем шешиў жуўапкерли адамларға тапсырылды. Désинститут директорлығына ҚҚАССР Халық Комиссарлар Кеңеси мәжлисиниң қарарына муўапық И.Ибрагимов тастыйықланды. Төрткүл қаласында ашылған, Қарақалпақстандағы désинституттың 1934-жыл 1-июлдеги №1 санлы буйрығы менен И.Ибрагимов өзиниң директорлық лаўазымға кирискенлигин тастыйықлады.

И.Ибрагимовтан кейин désинститутты И.Дильманов (1934.15.09.-1934.19.12.), Р.Ракипов (1934-1936), Д.Б.Базаров (1936-1939), Т.Бекимбетов (1939-1941), Ж.А.Орынбаев (1941-1946), Т.Бекимбетов (1946-1950), К.Убайдуллаев (1950-1953), А.П.Тетюшев (1953-1954), С.Камалов (1957-1958), К.Рзаев (1962-1967), Т.Изимбетов (1967-1976), Ж.Базарбаев (1991-2001), А.Т.Матчанов (2001-2005), Б.Р.Жоллыбеков (2005-2009), М.Қ.Бердимуратов (2009-2011), М.Қ.Сарыбаев (2011-2012ў.а.) Б.Б.Пренов (2012-2015), Қ.К.Оразымбетов (2015-2018), Б.П.Отемуратов (2018-2023)лар басқарды. Бул аралықта еки жыллық Қарақалпақ мәмлекетлик муғаллимлер институтынан Қарақалпақ мәмлекетлик бирлескен педагогикалық ҳәм муғаллимлер институты, Қарақалпақ мәмлекетлик педагогикалық институты, Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты атамаларын алыўға өзиниң ылайықлылығын көрсетти.

Тарийхқа көз жиберип қарасақ «Қарақалпаққа қалың китап оқытқан» (И.Юсупов) муқаддес дәргай, ҳақыйқый илим-ҳикмет бостанына айналып үлгерген, шыпа бағыш билим бостаны саналған педагогикалық институтымыз өзиниң 5 жыллық байрамын биринши рет 1939-жылы, 10 жыллығын 1944-жылы, 20 жыллығын 1954-жылы, 30-жыллығын 1964-жылы, 40 жыллығын 1975-жылы, 60 жыллығын 1994-жылы, 70 жыллығын 2004-жылы, 75 жыллығын 2009-жылы ҳәм 80 жыллығын 2014-жылы мүнәсип белгилегенлигин көремиз.

Институт 1934-жылы өз жумысын еки бағдарда, анығырағы қарақалпақ тили ҳәм әдебияты, физика-математика бағдарлары (соңынан факультетлери) менен баслады. Буннан соңғы жыллары рус тили ҳәм әдебияты (1937), тарийх (1940), тәбияттаныў ҳәм география (1948), шет тиллери (1954), дене тәрбиясы (1956), педагогика (1958), филология ҳәм мектепке шекемги тәрбия (1990) факультетлери, магистратура бөлими (2002), арнаўлы сыртқы бөлим (2003) бөлимлер ашылды.

Институт ашылған 1934-1935-оқыў жылында 42 жигит-қыз студент болыў бахтына миясар болды. Ал, 1940-жылы студентлер саны 358, 1941-1942-оқыў жылында 135, 1964-жылы 2434 студентке жеткерилди.

Жаңадан бой тиклеген институтымызда 1990-1991-оқыў жылында 2132 студент оқыған болса, 1995-1996-оқыў жылында 3052, 2000-2001-оқыў жылында 3823, 2004-2005-оқыў жылында 6332, 2008-2009-оқыў жылында 7642, 2012-2013-оқыў жылында 5056 студент тәлим алды, Ал, ҳәзирги ўақытта институтымыздың күндизги бөлиминде 8343, сыртқы бөлиминде 7365, кешки бөлиминде 615 студент, жәми институтымыз бойынша 16963 студент, 164 магистр, 125 докторант тәлим ҳәм тәрбия алып, жетик қәнигелер болып шығыўға таярланып атыр. Оларға 828 профессор-оқытыўшы, соның ишинде 26 илим докторы, 201 илим кандидаты, философия докторы, (соннан 28 профессор, 144 доцент) тәлим ҳәм тәрбия берип атыр

Институтқа оқыўға киргенлердиң барлығыда институтты питкерип, жоқары мағлыўматлы қәниге болып кете бермеди. Олардан биреўлери хожалық жағдайына, биреўлери көшип кетиўине, биреўлери сабақлардан үлгере алмағанлығы, биреўлери әскерий хызметке шақырылғанлығы себепли студентлер қатарынан шығып турды. Нәтийжеде 1934-1935-оқыў жылында оқыўға кирген 42 студенттен 1936-1937-оқыў жылында тек ғана 27 студент питкерип шығып, институттың биринши қарлығашлары атанды. Олардың

ишинде Плис Нурпейсов ҳәм Гулзийра Ерниязовалар бар еди. Ал, 1939-жылы институты 81 студент, 1946-жылы 74 студент, 1991-жылы 168 студент, 1995-жылы 821 студент, 2000-жылы 672 студент, 2005-жылы 1232 студент, 2010-жылы 2066 студент, 2013-жылы 1268 студент ҳәм 2023-жылы 2766 студент, 663 магистр оқыўларын табыслы тамамлап бакалавр ҳәм магистр академиялық дәрежелерин алыўға миясар болды.

2001-жылы тарийхта жекке сийрек ушырасатуғын ўақыя жүз берди. Анығырағы, 1956-жылы институтымызды табыслы тамамлаған бирден еки питкериўшиси «Өзбекстан Қаҳарманы» деген мәмлекетимиздиң ең жоқары ҳүрметли атағын алыўға миясар болды. Оның биринשиси шет тиллер факультетин тамамлаған «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық муғаллими» Алланияз Өтениязов еди. Ол кем тәмийинленген шаңарақларға мийрим-шәпәәт көрсетип 40 хожалыққа жай салып берди. Сондай-ақ, оның күши менен Қарақалпақстанда 2 мектеп, 30 орынлы еки балалар бақшасы, 2 аўыллық денсаўлықты сақлаў пункти салынды. 15 гектар жер мийўалы бағқа айландырды. Исми Гиннес китабына киритилди. Екиншиси, тәбияттаныў факультетиниң питкериўшиси, «Өзбекстанға хызмет көрсеткен халық билимлендириўи хызметкери», Хийўа қаласы 20-санлы Меҳрибанлық үйиниң директоры Пак Вера Борисовна болды.

Қарақалпақстандағы Педагогикалық институттан басқа жоқары оқыў орынларын питкерип шыққан шайыр ҳәм жазыўшыларымыздың ҳеш бири Өзбекстан Қаҳарманы ҳүрметли атағына миясар болмады. Ал, бундай ҳүрметли атаққа педагогикалық институтымыздың еки питкериўшиси ылайықлы деп табылды. Олардың бири 1955-жылы институтымыздағы рус тили ҳәм әдебияты факультетин тамамлаған, «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық жазыўшысы», Халық аралық Махмуд Қашқарий ҳәм М.Шолохов атындағы сыйлықлардың, Қарақалпақстандағы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Төлепберген Қайыпбергеновқа бундай Ҳүрметли атақ 2003-жылы берилди. Ал, «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры» Ибрайым Юсуповқа бул Ҳүрметли атақты 2004-жылы алыў несип етти.

Қарақалпақстанлы илимпазлардың ишинде биринשилерден болып 1972-жылы пединституттың тарийх факультетин тамамлаған, тарийх илимлериниң кандидаты, «Меҳнат Шухраты» ордениниң ийеси, Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясы Қарақалпақстан бөлими Тарийх, археология ҳәм этнография институтының Археология бөлими баслығы Ғайратдин Хожаниязовтa 2008-жылы «Өзбекстан Қаҳарманы» ҳүрметли атағын алыўға миясар болды.

Педагогикалық институтты 1937-жылы тамамлаған ең дәслепки қарлығашларынан бири, Уллы ўатандарлық урыс жылларында 47-авиация полки гвардиялық бөлиминиң аға лейтенанты, ушыўшы-барлаўшы, 106 мәртебе душпан тылына өтип жаўынгерлик тапсырмаларды аңла дәрежеде орынлаған, 2 мәртебе Қызыл байрақ ордени, 1 мәртебе 1-дәрежели Ўатандарлық урыс ордени ийеси болған Плис Колгелдиевич Нурпейсовқа (23.12.1919-23.04.1945) 1945-жылы 8-августта бурынғы Аўқам Қаҳарманы ҳүрметли атағы берилди. Педагогикалық институттың кирер аўзына Плис Нурпейсовқа арналған, мәрмәр тастан исленген монумент доска орнатылды.

Ҳүрметли жасыуллымыз, мийнет нураныйы, Уллы ўатандарлық урыс жылларында биринשи рет шөлкемлестирилген институттың жаслар аўқамының жетекшиси, институттың 1947-жылғы питкериўшиси Қ.Камалов мийнетте ерискен айрықша жетискенликлери ушын бурынғы Аўқам Жоқарғы Кеңеси Президиумының 1973-жыл 10-декабрдеги Указы менен «…Мийнет Қаҳарманы» Ҳүрметли атағын алыўға миясар болды. Ал, Ташкент совхозының директоры Б.Қурбанов бундай Ҳүрметли атаққа 1978-жылы еристи.

Пединститутты 1948-1961-жыллары питкериўшилер арасынан Қарақалпақстанда рекорд дәрежедеги академиклер жетилисип шықты. Олардан ишинде ең биринשи болып, 1950-жылы пединститутты питкерген, филология илимлериниң докторы, профессор, «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери», Өзбекстан Республикасы Беруний атындағы, Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықлардың лауреаты Марат Көптилеўович Нурмухамедов 1974-жылы Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының академиги болып сайланды. Ал, пединституттың 1948-жылғы питкериўшиси, тарийх илимлериниң докторы, профессор, «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери», Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Сабыр Камалов 1979-жылы, 1964-жылы пединститутты питкерген, филология илимлериниң докторы, профессор, «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери» Абатбай Дәўлетов 1995-жылы академикликке еристи.

2000-жыл пединститутты питкергенлер ушын оғада табыслы жыл болды. Бул жылы тарийхта ҳеш қашан ушыраспаған, пединститутты питкериўшилериниң үшеўи бирден Өзбекстан Республикасы Илимлер Академиясының академиги болып сайланып, халқымызды оғада үлкен қуўанышқа бөледи. Олардың екеўиниң 1955-жылы пединститутты тамамлағанлығы дуйым журтты таң қалдырды. Олардан бири «Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери», философия илимлериниң докторы, профессор, Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Жуманазар Базарбаев болса, екинשиси филология илимлериниң докторы, профессор, «Қарақалпақстанға мийнети сиңген илим ғайраткери» Хуснитдин Хамидов, үшинשиси 1961-жылы пединститутты тамамлаған, биология илимлериниң докторы, профессор, «Қарақалпақстан Республикасына хызмет көрсеткен илим ғайраткери», Қарақалпақстан Республикасы Бердақ атындағы мәмлекетлик сыйлықтың лауреаты Әмин Бахиев еди.

Жуўмақлап айтқанда, Республикамыз мектеплеринде, академиялық лицейлерде, орта арнаўлы кәсип өнер колледжлеринде, жоқары оқыў орынларында жасларға тәлим ҳәм тәрбия берип атырған, устазлардың устазларын тәрбиялап жетилистирген, ҳәзирги ўақытта да муғаллим кадрлар таярлаў ислеринде белсендилик көрсетип атырған Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты келешекте де теберик дәргай болып қала бериўи менен бирге, тек ғана қаҳарманлары ҳәм академиклери менен мақтаныш етип қалмастан, еле де бирнешше қаҳарман ҳәм академиклерди жетилистирип шығаратуғынлығына исенимиз кәмил.